

## **Dekrè Egzekitif Cambridge ak Aktivite Aplikasyon Lwa Imigrasyon Sivil ki Entèdi**

Nan mwa janvye 2026, City Manager Yi-An Huang te siyen yon Dekrè Egzekitif ki entèdi itilizasyon pwopriyete Vil la pou aktivite aplikasyon lwa imigrasyon sivil epi ki konfime Òdonans Kominote Akèy Vil la.

Dekrè sa a fèt pou kenbe moun an sekirite, pwoteje dwa kominote a, epi klarifye kijan aplikasyon lwa imigrasyon federal kapab epi pa kapab aji nan espas Vil la.

### **Sa Ou Bezwen Konnen**

#### **Yo pa kapab itilize pwopriyete Vil la pou òganize aplikasyon lwa imigrasyon sivil**

Ofisye imigrasyon federal yo pa kapab itilize pwopriyete Vil la pou fè operasyon yo.

#### **Ofisye imigrasyon federal yo pa kapab antre nan zòn prive pwopriyete Vil la san pèmision**

Ofisye imigrasyon federal yo pa kapab antre nan zòn nan bilding Vil la ki pa ouvè pou piblik la sof si yo gen yon manda valab oswa yon lòd tribinal.

#### **Lapolis Cambridge pa aplike lwa imigrasyon sivil federal yo**

Lapolis Cambridge p ap patisipe nan aplikasyon lwa imigrasyon sivil federal. Wòl yo se kenbe tout moun an sekirite epi pwoteje dwa pou libète lapawòl ak manifestasyon pasifik. Gen pafwa Lapolis Cambridge fè patenarya ak ajans aplikasyon lwa federal pou aplike lwa kriminèl yo.

#### **Si w ta sanble wè aktivite ICE, rele 911**

Si ou kwè w ap asiste aktivite aplikasyon lwa imigrasyon, rele 911 pou Lapolis Cambridge ka entèvni, verifye sa k ap pase a, epi kenbe tout moun an sekirite.

#### **Responsablite ak transparans**

Si ofisye imigrasyon federal yo itilize fòs oswa domaje pwopriyete, yo ka pibliye anrejistreman videyo ki soti nan kamera ki sou kò yo sof si sa fè pati yon ankèt k ap fèt.

#### **Yo pral mennen ankèt sou tout krim**

Lapolis Cambridge pral mennen ankèt sou nenpòt vyolans, domaj sou pwopriyete, oswa krim posib, san wete sa k enplike ofisye imigrasyon federal yo. Y ap travay ak ofisyèl eta yo tankou District Attorney's Office (Biwo Pwokirè Distri a) ak Attorney General's Office (Biwo Pwokirè Jeneral la) lè sa nesèsè.

#### **Ou Gen Kesyon?**

Kontakte Contact the Commission on Immigrant Rights and Citizenship (Komisyon sou Dwa Imigran ak Sitwayènte) ("CIRC") nan rele 617-349-4396 oswa voye yon imèl nan [circ@cambridgema.gov](mailto:circ@cambridgema.gov).